*ЛЕРРИНА ЙОЛУ ЛОЬМАР*ЛЕРРИНА ЙОЛУ ЛОЬМАР*ЛЕРРИНА ЙОЛУ ЛОЬМАР*

Дала бакъо толайойла!
Кадыров А.-Х.

Газета награждена орденом «За заслуги перед Уммой» – I степени в 2010 году

Медаль «За заслугу перед Чеченской Республикой» 2009 год.

Ислаьман

أشعّة الإسلام

зІаьнарш

Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

Арахеца долийна I990-чу шеран 6-чу ноябрехь
Выходит с 6-го ноября I990 года

2016-чу шеран декабрь беттан 8-гІа де
1437-чу шеран Раби-1ул-аввал беттан 8-гІа де
8 декабрь 20I6 год № 23-24 (376-377)

«НАХАНА ДИКА БОЛХ ХИЛЧА ХАЛАХЕТАР А, ВОН БОЛХ ХИЛЧА ХАЗАХЕТАР А, КЕРСТАНАЛЛА ДІАДАЬЛЧА, ШОЗЛАГІА ЙОЛУ ДАКЪАЗАЛЛА Ю».

(Іовдин Іелин Хьусайн)

АЛЛАХІАН НОВКЪАХЬ

ЭЛЧАНАН ХАЗА ДИЙЦАРШ

(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)

«Тамашийна бу-кха муъма (ийман диллинчу) стеган болх! Баккъал а, цуьнан болх берриге а цунна дика бу-кха. Иза цхьанна а дац, муъминна бен. Шен самукъадаьлча (дика болх хилча), Далла хастам бо цо, тІаккха иза цунна дика (мел болуш) хуьлу, шега сингаттам (бала) кхаьчча, собаре хуьлу иза, тІаккха иза а цунна дика (мел болуш) хуьлу».

«Бусалба стаге ца кхочу кІадвалар а, цамгар а, бала а, гІайгІа а, цатам а, сингаттам а, цунна Іотталуш долу кІохцалг а, Дала уьш бахьана долуш цуьнан цхьадолу къинош дІадохуш бен».

«Аш билла ма-беззара болх АллахІана тІе биллахьара. Цо шуна рицкъа лур ма дара, олхазарна рицкъа даларе терра, Іуьйранна меца дІадоьдуш, суьйранна дуьзна цІадогІуш долчу».

«Ши ниІмат ду, дукхахболу нах (даима лаьттар ду моьттуш) шаьшшиннах Іехабелла: могашалла а, паргІато а (мукъа хан)».

«Веллачунна (иза кешнашка дІахьош) тІаьхьа дозу кхо хІума: цуьнан охІла а, даьхни а, цуьнан Іамал а. Шиъ юхадоьрзу, цхьаъ бухадуьсу: цуьнан охІла а, даьхни а юхадоьрзу, цуьнан Іамал – бухаюьсу».

«Ялсамане шух хІоранна герга ю – цуьнан мачийн лаламел а, жоьжахате а ю и санна» (юкъахь валар бен доцуш).

«Іуьйранна маьждиге ваханарг я суьйранна юхавеанарг, АллахІа цунна ялсамани чохь хьешана буьллу кхача кечбо, иза Іуьйранна дІа мосазза ваха, суьйранна цІа мосазза веа».

«Ийманан кхузткъе иттаннал я кхузткъанал сов дакъа ду, царах уггаре а дезаниг (Ла илахІа Иллаллахі) боху дош ду, царах уггаре а лахарниг цатам бо хІума новкъара дІаяккхар ду, эхь хетар – ийманан цхьа дакъа ду».

«ХІай, бусалба зударий, кІезиг ма хетийла лулахочунна шен лулахочунна (сагІийна я совгІатна) кховдо кІеззиг жижиг тІехь долу (уьстагІан) даьІахк а».

«Нийсоне нах кхойкхуш волчунна ю цунна тІаьхьаваьзначунна йоллучул ял, цо цунна йолах хІумма а эшор доцуш. Тиларе нах кхойкхуш волчунна ду цунна тІаьхьаваьзначунна доллучул къа, цо цунна къинойх хІумма а эшор доцуш».

«Сайн са шен карахь долчух дуй буу ас, аша диканиг де аьлла омра дийр ду, вониг ма де эр ду, я АллахІ герга ма ву Шегара шуна тІе Іазап даийта, цул тІаьхьа аша Цуьнга доьхур ду, шуна (доІина) жоп лур дац».

«Баккъал а, дуьне баьццара (шуна дукхабезаш болу мерза стом санна йолу) марзо ю, баккъал а, АллахІа шух верасаш дина оцу тІехь, тІаккха иза хьожу, аша Іамал муха йо. Дуьненах а (цо Іехорах), зударех а (церан питанах) кхера шу, баккъал а, Бану Исраилашна (Якъуб Пайхамаран тІехьенна) юкъахь хьалхара питана (тилабалар, безам, хІуманах цецбовлар) зударий бахьанехь хилла».

МУХЬАММАДАН ВОЗАЛЛА

(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)

Наггахь бен ца хуьлучу дикаллин масал дара Мухьаммад. Шен бераллехь дуьйна цІеналлин масал дара, шен вахарехь – шена самукъе, там ца лоьхуш, юхаозалуш хиларан масал дара.

Уггаре а нийса кхиэл еш къеда вара иза. Бакъо толош уггаре а дика куьйгалхо вара иза, уггаре а дика кхиорхо вара. Дала уггаре а хаза гІиллакх, амал шена елла, дика кхиийна, цахуург Іамийна вара иза (Іалайхіис-салату вас-салам). Дала шех боккха къинхетам бина вара иза. Цо терго еш, гІайгІа беш ларвина вара иза, дерриге а Іаламе, Шел тІаьхьа цунна муьтІахь хила аьлла, омра дина Дала. «Элчанна муьтІахь верг Далла муьтІахь ву», – аьлла Лекхаволчу Дала.(Къуръан, 4 сурат, 80 аят). Цкъа а тІулгашна сужуде вахана вац Делера салават а, салам а хиларг, Делаца накъост лаьцна, тІулгашна Іибадат деш болчу нехан даздаршкахь дакъалаьцна а вац иза. Кхачаме долчу адаман, кхачаме масал ду Мухьаммад (СаллаллахІу Іалайхіи ва саллама).

Дукхавезаш, дика стаг ву иза, возаллехь кхачаме волуш, бакълуьйш, тешаме волуш, юхаозавелла хиларехь, цІена хиларехь цуьнца нисвала цхьа а вац. Мухьаммад вевзинарг массо а къера вара, иза са цІена, догдика, хьекъале, тидаме, доьналла долуш хиларна.

Дерриге а Іаламна дика масал ду иза. Лекхаволчу Дала ма аьлла: «Баккъал а, шуна дара Делан Элчанехь хаза масал»(Къуръан, 33 сурат, 21 аят).

Дала веза-сийлахь кхоьллина ву иза. Цундела, ша дуьненчу ваьлчахьана а, веза-сийлахь хилла иза. Ша жима волуш а, къона волуш а, гІеметтахІоьттина волуш а, воккхастаг волуш а, Дала шега Пайхамаралла далале а, Пайхамаралла деллачул тІаьхьа а сийлахь-веза хилла Иза (Іалайхіис-салату вас-салам).

Дала, цуьнан шовзткъа шо кхаьчча, шен омра (пайхамаралла)кхочушдан кечвеш, ларвеш кхиийна иза. Цо дика кхочушдира иза (омра). Элча (Іалайхіис-салату вас-салам) сийлахьвеза хиларна тоьшалла ду, кІеззиг йолчу хенахь цо, Делан пурбанца, нахана уггаре а дика уммат кхоллар.

Делан Элчано Маккахь кхойтта шо даьккхира. Цигара нах Ислам-дине кхойкхуш, цара жоп ца делира цунна, цара, таІзарш деш, балехь латтийра иза. Цуьнан асхьабашна а массо а тайпа Іазапаш дира цатешачара. ЧІогІа собаре хилла, сатуьйхира Делан салам хиларо. Маккахь Ислам даржар меллаша дІадоьдуш дара. ТІаккха Дала Мухьаммаде омра дира, Мединате хІижрат де аьлла. Иза цига дІавахара. Цул тІаьхьа Іаьрбийн ахгІайре тІехь Ислам чехка даьржира. Мухьаммад, динан кхайкхамаш беш, халонаш ловш, Іийра Дала шена боккха толам баллалц, Маккарчу наха дин тІеэццалц. Цул тІаьхьа, Ислам, Іаьрбийн ахгІайренал дехьадаьлла, кхечу къаьмнашка кхочуш дІасадаьржира, исторехь цкъа а ца хиллачу кепара чехка.

Элчано Къуръанца, кхетамца, хазачу дашца, шена вон диначунна дика деш, царна къинтІераволуш, динан кхайкхам бира. Нах Делан дине – Исламе – баьхкира тобанашкахь.

Мухьаммад гучувелира, даим къийсалуш, вовшашна юкъахь тІемаш беш, лулахь долчу тайпанашца тар ца луш, бодане болчу Іаьрбашна юкъахь. Делан Элчано царах сийлахьдоккха уммат кхоьллира. Йоккха пачхьалкх, керла Іалам, нуьцкъала тайпа кхоьллира, син лакхалла йолуш, ийман чІогІа долуш, гІиллакхаш хаза долуш, тешам боккха болуш, бакъонна муьтІахь долуш, нийсонна тІера ца долуш, кхидолчу къаьмнаша иза лара а лоруш. Уьш даккхий хІуманаш ду, цул хьалха а, цул тІаьхьа а цхьамма ца дина долу.

Делаца хоттадалар чІогІа долуш бусалба пачхьалкх яра иза, цунах кхолладелира тІаккха нахана пайдехь долу доккха бусалба уммат, Мухьаммадан уммат. Мухьаммад (Іалайхіис-салату вас-салам) лаккхара масал дара амалехь а, аларехь а, леларехь а. Делан салам хиларг кхайкхам беш вара, вовшийн даггара дукхадезаш, адамалла, вежаралла долуш хила бохуш. Цо аьлла (Іалайхіис-салату вас-салам): «Шух цхьа а ийман диллина (ийман кхочуш долуш) вац, шена дезнарг шен (бусалба) вешина дезаш хиллац».

Муртазаев Сайдмохьмад

ЖИМЧУ-АТАГІАРЧУ МАЬЖДИГЕХЬ МОВЛАД ДИЙШИРА

2 ноябрехь, дІадаханчу пІераскана дийнахь, Жимчу-АтагІарчу маьждигехь, рузбанан ламаз дехкале, вайн пайхамар Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хестош мовлад дийшира. РаббиІуль Аввал беттан дозалла, вайн пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дуьненчу валарх, цуьнан сийлалла юьйцуш хьехам бира маьждиган имама Альбиев Муса-Хьаьжас. АтагІошна боккха кхаъ бара оцу безчу, сийлахьчу беттан хьалхарчу пІерасканан дийнахь рузбанехь шайн коьртехь Жамалуллайла Сайд-Хьамзат а волуш къурайшийн цІийнах болу садаташ хилар. Иштта, рузбанехь а, мовлад доьшуш а кхин а хьеший бара АтагІарчу маьждигехь – эвлаяийн Хантиев Іусман-Хьаьжин а, Кана-Шайхан а тІаьхьенах волу Ахматханов Рамзан-Хьаьжа а, Султан-Хьаьжа а.

Заурбеков МаслІуд
Сурташ тІехь:
Мовлад доьшучу хенахь

БАМАТ-ГИРИ-ХЬАЬЖИН ЗЕРАТ – къубца каш Эвтарахь ду. Калугехь масех шо даькхира цо, паччахьан политикана дуьхьал Нохчийчохь къийсам дІахьуш хилар бахьанехь. Хан-зама яларе терра Іовдин (халкъалахь иштта йоккху цуьнан цІе) сий-ларам алсамболуш бара, стамлуш яра цуьнан вирдан тоба. Иза Іедална кхераме лорура паччахьан чиновникаша.

1912–1914-чуй шерашкахь репрессеш еш, Нохчийчуьрий, ГІалгІайчуьрий арабаьхна Калужски губернехь ссылкехь хилира паччахьан Іедална кхераме лерина, махкахь бевзаш болу дина дай: Митаев Баммат-Гири-Хьаьжа, Гайсумов СухІайп-Молла, Шаптукаев Іабдул-Іаьзиз, Белхароев БатІал-Хьаьжа, Хантиев Кана-шайх, Хамирзаев Чиммирза, Махьма-молла, кхиберш. Цул хьалха (1890-1894 шш.) Херсонехь пхи шо зама яьккхинера 1овдас, шен лаамехь воцуш.

Іовдин зерат юхатодина, х1инца схьагучу суьртехь 2009-чу шарахь НР-н куьйгалхочун Кадыров Рамзанан омранца.

Халкъо гІовс Іовда, Делан Вели, Элчанан верас олуш йоккху цуьнан цІе. Юьртахула тІехволуш, Іовдин лерамбеш, нах хьалагІовтту. Іовда дІакхелхина 1914-чу шеран 13-чу сентябрехь.

АЛЛАХІАН НОВКЪАХЬ

ЭЛЧАНАН ХАЗА ДИЙЦАРШ

(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)

«Бакъо йоцуш, цхьа ге барамехь латта чулаьцначунна, гІомат йийр ю ворхІ лаьттах». (Нехан хІума хьуна тІехь мел кІезиг делахь а, сихо ян еза иза дІадала, даккхийчех къа ду иза, нехан хІума шена дерзор).

«Бусалба стаг, бусалба нах маьрша битинарг ву, шен маттах а, шен куьйгах а». (Цхьанна а новкъарло цаяр йоккха Іамал ю).

«Бусалба стаг бусалба стеган ваша ву, цо цунна зулам дийр дац, цо иза мостагІчуьнга дІа а лур вац, шен вешин хьашт кхочушдеш хилларг, АллахІ ву цуьнан хьашт кхочушдеш, бусалба стеган сингаттам байбинарг, АллахІа и бахьана долуш байбийр бу Къемат дийнахь цуьнан сингаттам, бусалба стаг хьулвинарг, АллахІа иза хьулвийр ву Къемат дийнахь».

«Со а, буобер шена тІелаьцнарг а ялсаманехь иштта хир ву-кха (аьлла), цо (АллахІера къинхетам, маршо хуьлда цунна) шен хьажо пІелг а, юккъера пІелг а лецира, тІаккха и шиъ дІасакъастийра цо». (Пайхамаран даржана а, буобер тІелаьцначун даржана а ялсамане чохь кхин юкъ яц бохург дара иза).

«ЗаьІап (гІийла) нах лохуш гІо дейша суна, баккъал а, заьІап нах бахьана долуш (Дала) гІо деш, рицкъа латтош ду шуна». (Цара Деле деш долу доІа а чІогІа даггара долу дела, шайн Іибадатехь церан Делах кхерар чІогІа долу дела, церан дегнаш дуьненан хазаллех тасаделла доцуш, паргІат долу дела, церан Далла тІетовжар даггара долу дела).

«Дуьне шех пайдаоьцуш хІума ду (дІадердолуш долу), оцу пайдаоьцучу хІуманах уггаре а диканиг – дика хилла йолу зуда ю». (Къонахчунна дуьнен чохь ирсе дахар а хилийта, Лекхаволчу Далла муьтІахь хуьлуш гІо а хилийта ялийна йолу).

«Зуда ялайо деа хІуманна: цуьнгарчу бахамна а, цуьнан тайпанна а (цІеяххана нах бу аьлла), цуьнгарчу хазаллина а, цуьнгарчу динна а: дин дерг ялаелахь, ахь иза ца дахь, беркатах вер ву хьо». (Дин долуш хилча, кхидолу сипаташ хиларх вуон хІумма а дац)

«Баккъал а, сан суннатах ду зуда ялор, (шена) со везначо сан суннат леладойла».

(ХІокху хьукмехь зудчунна а ду стагана дерриг, яхар мелехь ду цунна шен верасан пурбанца, верасана мел бу дин а, гІиллакх а долчуьнга иза яхийтича.

Зуда яло таро йоццчунна ца ялош Іер мелехь ду, Дала шен рицкъанна тІехь аьтто баллалц.

Зуда ядор доккха зулам ду, Исламаца догІуш хІума а дац).

«Со цхьаьнга омра деш хилча, цхьанна сужуд дарца, ас зудчуьнга омра дийр дара шен хІусумдена цо сужуд дарца». (Сужуд Далла бен дан мегаш дац, кхузахь лууш дерг – зуда шен хІусамдена муьтІахь хила декхарийлахь ю бохург ду).

Лараме газетдешархой! ХІокху газет тІехь язйина АллахІан еза цІерш а, Къуръанан аяташ а ду. Газетан редакцино дехар до хІара газет лардеш лелор, миччанхьа а охьацакхиссар

№ 23-24 (376-377)
Ислаам зIаьнарш
Дела баьво толаийла!
Республикан реклама-информацийн газета «Зори Ислама»

ЭЛЧАНАН КУЦ, АМАТ

(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)

Ма́ликан кIантера Анасера (Дела реза хуьлда цунна) дийцина ду, Абу-Бакар Сидди́къа (Дела реза хуьлда цунна) шена Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) гича, олура аьлла, байтийн куьцехь:

«Тешаменик, хаьржина верг, дикане кхойкхург,

Бутт юккъе бахча,беттасан серло санна верг».

Абу XIурайрас (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «IумаРа (Дела реза хуьлда цунна) хIара байташ олура, ЗухIайр ибн Аби Салма́с XIирм ибн Сина́нах лаьцна аьлла йолу:

«Хьо адам доцуш, цхьа кхечу хIуманах велахьара,

Бутт юккъе бахча, серло лург хир вара хьо».

ТIаккха IумаРа а, цуьнца хевшина IачаРа а олуш хилла: «Иштта вара АллахIан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), и воцург кхин цхьа а вацара оцу кепара».

Абу́ ТIа́либан кIанта Iе́лас аьлла (Дела реза хуьлда цунна): «АллахIан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) кIайчу басахь вара, бетталуш цIен бос болуш; чIогIа IаьржаРа ши бIаьрг болуш; месаш шера йолуш (чIогIа хьийзина йоцуш); юькъа маж йолуш; лергадуьмеш тIе кхаччалц охьайовлуш месаш йолуш; гай тIера накхана тIекхаччалц болу месийн могIа буткъа (нийса) болуш; шен ворта чIогIа къегина дети тур санна (цIена, нуьре) йолуш; лакха накхана юккъера дуьйна цIонги тIекхаччалц охьайогIуш (юткъа, нийса) гIаж (я са́ра) санна месаш йолуш, уьш йоцург кхин шен гай тIехь я накхана тIехь месаш йоцуш; шина куьйган а, шина коган а пIелгаш стаммий (дуьззина, чIогIа) долуш. Ша́ волавелча, цхьана лекха гу тIера чувуссуш санна, я цхьана тIулга тIехь волалуш санна болар онда долуш вара иза (когаш текхор доцуш, дIасалестар доцуш, когаш тийссадалар доцуш). ДIавоьрзучу хенахь шен дерриге а дегIаца воьрзура иза. Цуьнан хьацар жовхIар санна (цIена а, сирла а) дара. Цуьнан хьацаран хьожа хаза хьожа йогIучу мискIатIарал дика а, хаза а яра. (Дукха) лекха а вацара иза, лоха а вацара иза. Вон мотт болуш вацара иза, сийдоцу (сийсаз) хIума шеца долуш вацара иза. И саннарг цхьа а гина вац суна цул хьалха а, цул тIаьхьа а».

Иштта хIокху дешнашца дийцина а ду иза IелигаРа (Дела реза хуьлда цунна): «Цуьнан шина белшаш юкъахь пайхамараллин мухIар дара (билгало яра), ткъа иза ша́ пайхамаршна юкъахь тIаьххьарниг ву, шел тIаьхьа кхин цхьа а пайхамар воцуш. Нахана юкъахь уггаре а комаьрша куьг дерг вара иза, нахаца лелочу юкъаметтигехь уггаре а комаьрша дог долуш вара иза, нахана юкъахь уггаре бакъболу мотт болуш (уггар цIена, бакъдолу къамел долуш) вара иза, уггаре а кIеда амал йолуш вара иза, нахаца йолчу юкъаметтигца уггар сийлахь, уггар дика верг вара иза. Дуьххьара ша́ гинарг шен лерамна шех озалур волуш, ткъа ша́ вовззалц шеца хан яьккхича, везалур волуш вара иза. Цунна куц лучо, иза вуьйцучо олура: «И саннарг гина вац суна, цул хьалха а, цул тIаьхьа а. Делера къинхетам а, маршалла а, массо диканаш а, лаккхара даржаш а хуьлда-кх цунна».

Iа́зибан кIанта ал-Бара́а аьлла: «АллахIан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) дукха лекха а воцуш, я лоха а воцуш, юккъерчу барамехь вара. Шина белшийн юкъ шуьйра йолуш вара. Лергадуьмеш тIе кхаччалц охьайовлуш месаш яра цуьнан. Дуьйхина цхьа цIен духар долуш гира суна иза цкъа. Цул хаза цхьа а хIума гина дац суна, Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна».

Хуза́Iа тайпанах хилла йолчу Умм МаIбада аьлла, Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) куц дуьйцуш: «Къаьсташ хазалла йолуш, кIайн, серла юьхь йолуш стаг гира суна. Шен кхоллар (дегIан куц-кеп) хаза долуш. Олладелла доккха гай хиларан сакхт доцуш, корта жима хиларан сакхт доцуш. Шен хазалла гуш-евзаш йолуш, шен юьхь хаза (кхоьллина) йолуш. БIаьргаш чIогIа IаьржаРа дара цуьнан, бIаьрган негIарийн чоьш деха а, хьийзина а дара цуьнан. Аз (гIеххьа) стомалла йолуш дара цуьнан, мелла а йиш хаьлча санна а дара иза. Ворта (мелла а) еха яра цуьнан, сирла (къегина) а яра иза. Маж юькъа яра цуьнан. Ши цIоцкъам деха, гIеххьа хьаьвзина а долуш, даьржина а доцуш, хоттаделла а долуш дара цуьнан. Къамел деш воцучу хенахь сийлахьалла хуьлура цунна тIехь, ткъа иза вистхилча, (шена гонаха болчарна юкъахь) хьалаайлора иза, исбаьхьалла хуьлура цунна тIехь. Генара (гича) нахана юкъахь уггаре а тайна, уггаре исбаьхьа вара иза; ткъа юххехь хилча уггаре а хаза, уггаре а диканиг вара иза. Къамел мерза долуш вара иза; къаьсташ долуш а вара иза: цакхеттал кIезиг а дацара иза, кIордадаллал дукха а дацара иза; цхьаъ вукхул тIаьхьа догIуш, охьадогIуш долу тайна тIетесна туьтеш санна дара цуьнан къамел. Юккъерчу барамехь вара иза, дукха лекха хиларна къаьсташ а вацара иза, я лоха хиларна шена тIера бIаьрг бодур болуш а вацара иза (мелхо, бIаьрго къобалвеш, гича, лераме хир волуш вара иза).

Шина гена юкъахь (юккъерчу барамехь) га дара иза. Цу кхааннах уггаре а исбаьхьа куц-кеп дерг вара иза, сийлахьаллехь уггаре а алсам верг а вара иза.

Накъостий бара цуьнан, цунна гонаха хьийзаш; и вистхилча – цо олучуьнга ладугIура цара, цо цхьаъ де аьлча, и кхочушдарна сихо йора цара. Цара ша вазвеш, цара шен гIуллакх деш (цунна оьшучуьнга уьш хьовсуш), уьш (даим) шена гуо бина (шен гIуллакхна дIахIиттина Iаш) хуьлуш верг вара иза. Юьхь хе́бош вацара иза, я дукха бехкаш дохуш вацара иза».

Ансе́рех хилла волчу Ма́ликан кIанта Анаса (Дела реза хуьлда цунна) АллахIан Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) куц дуьйцуш аьлла: «Юккъерчу барамехь вара иза, дукха къаьсташ волчу кепара лекха а воцуш, я чIогIа лоха а воцуш. Бос сирла, кIай болуш вара иза, шарула кIай воцуш (масала кир санна воцуш), IаьржаРа воцуш. Месаш дукха чIогIа хьийзина а яцара цуьнан, дукха шера а яцара, гIеххьа хьийзина яра (тулгIеш санна)».

Абу XIа́латан кIанта XIинда аьлла: «АллахIан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) веза-воккха а, кхечара ша́ вазвеш а хилла стаг вара. Бутт юккъе бахча, лепаш болу стиглара бутт санна лепаш яра цуьнан юьхь. Юккъера волчул (жимма) лекха а волуш, вуткъа-веха волчул лоха а волуш, корта боккха а болуш, гIеххьа хьийзина месаш а йолуш вара иза. Шен месаш екъалучу хьолехь еха хилча, аьтту агIор а, аьрру агIор а шина де́къе́ йоькъура цо, вуьшта, цо уьш оьхьахецча, цуьнан шина лергадуьмел сов ца йовлура цуьнан месаш.

Сирла, кIай бос болуш; шуьйра хьаж долуш; ши цIоцкъам деха, гIеххьа хьаьвзина долуш, бIаьргийн тIехуле́ дIалоцуш (деха) долуш, хоттаделла доцуш, шаьшшина юкъахь пха болуш, оьгIаз вахча тIеболуш болу. Мара лакхахь айбелла болуш, юккъера (жимма) горгбелла болуш, йистош нийса йолуш, (бо́ца боцуш, жимма) бе́хо́ болуш, тIехь нур долуш, дикка ца хьаьжначунна цуьнан меран даьIахк хьалаайийелла ю, йоккха ю аьлла хетар долуш.

Маж юькъа йолуш; ши бIаьрг чIогIа IаьржаРа болуш; ши бесне нийса йолуш (аратаьIна ерстина йоцуш); бат шуьйра йолуш; цергаш кIай а, йистошкахь ира а йолуш, хIора шина церга юкъахь херо йолуш.

Лакха накхана тIера лаха гай тIе охьабоьду месийн могIа нийса болуш; шен ворта суьрта тIехь йиллича санна (хаза), дети́н бос санна (сирла, цIена) йолуш.

Шен кхоллар юккъерчу барамехь долуш; дегI доккха долуш; дилха (олладелла доцуш) онда долуш; гай (олладелла доцуш) накха санна долуш; накха шуьйра болуш, белшашна юкъара юкъ йоккха йолуш; хуттургашкара даьIахкаш яккхий (онда) йолуш.

Духаро хьулйъеш йолу меже гучуяьлча, иза нуьре йолуш; на́кхана лакхара дуьйна цIонги тIекхаччалц хоттаелла охьайогIуш тай санна (нийса могIа санна) месаш йолуш, уьш йоцург некха тIехь дехьа а, сехьа а, гай тIехь а кхин месаш йоцуш, шина пхьаьрса тIехь а, шина белшаш тIехь а мелла а месаш йолуш.

Ши пхьарс дол долчу меттехь беха болуш, куьг шуьйра долуш; куьйгийн, когийн пIелгаш онда, дилханах дуьзна долуш, (юккъерчу барамехь) деха долуш; пхьаьрсийн, настарийн даьIахкаш нийса йолуш; когийн кIело юккъехь хьалатаьIна йолуш; когаш тIехулара (чкъор) шера долуш, тIедоьттича тIехь хи соцур доцуш.

Ша́ дIаволавелча, шен ког (текха ца беш) хьалаайбора цо, (ког охьабуьллуш цу тIевазлучу хенахь мелла а) дехьа-сехьа а таьIаш, меллаша, тийна болар дора цо, ког баккхар сиха а, шуьйра (гена) а долуш. Цхьана лекхачу меттера охьавогIуш санна (дикка ког буьллуш, онда) болар дара цуьнан. Ша дIавоьрзучу хенахь шен дерриге а дегIаца дIавоьрзура иза.

БIаьрса тийна-таьIна хуьлура цуьнан (бIаьргаш дукха дIасахьежор доцуш, дIасакъерзар доцуш); (ша вистхуьлуш воцучу хенахь) лаьтта хьежар стигала хьежарал алсам хуьлура цуьнан; дукхахдолу цуьнан хьажар бIаьрг цхьана хIуманна тIебоьгIна хьажар доцуш, тIеххула дIа хьажар дара.

Шен асхьабаш шел хьалхабохий хуьлура цуьнан, буьйлабелла уьш боьлхуш хилча. Шена дуьхьал кхеттачуьнга хьалха салам а лора цо».

Имам IабдулГIани ал-Макъдиси Гочдинарг – Адаман Султанан Олхазар

Чтение мавлида

Целью человеческой жизни на этом свете является познание нашего Создателя и поклонение Ему.

Это невозможно постичь без познания, любви и следования благородному Пророку Мухаммаду (да благословит его Аллах и приветствует), ибо он является образцом для подражания для всего человечества. А чтобы познать Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует), необходимо иметь о нем истинные знания и изучать его жизнь и деятельность. Именно ради этого мусульмане, любящие и чтящие Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), стараются чаще проводить благочестивые мавлиды.

Мавлидами называются собрания (маджлисы) мусульман, проводимые ими для совместного богослужения: для изучения жизни и деятельности Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует), выражения радости по поводу его рождения, его восхваления, изучения его чудес и высочайших нравственных качеств, с целью подражания ему, а также для изучения Ислама в целом. Воистину, чтение, слушание, изложение чудесных событий, связанных с его жизнью и пророческой миссией, является одним из лучших видов богослужения.

Во времена Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) сподвижники были вместе с ним и хорошо знали его, все время думали об Аллахе и о Пророке (да благословит его Аллах и приветствует), везде и всегда рассказывали о нем, поэтому не было необходимости устраивать специальные собрания, где рассказывают о Пророке (да благословит его Аллах и приветствует) и его достоинствах. И в эпоху последующих после сподвижников трех поколений, когда в памяти мусульман еще были живы свидетельства сподвижников, людей, видевших и знавших Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), также не было острой нужды в подобных маджлисах. В те времена вместо термина «мавлид» употреблялось слово «сира» (во мн. ч. – «сияр»), что означает «жизнеописание Пророка». Однако позже, чтобы люди не забывали о Пророке (да благословит его Аллах и приветствует), благочестивые ученые-богословы рекомендовали временами устраивать специальные собрания мусульман.

И для этой цели большие книги, посвященные жизнеописанию (сира) Пророка (да благословит Его Аллах и приветствует), ученые сократили и назвали мавлидами. С этого времени и повелась традиция проводить благочестивые мавлиды.

Любое собрание мусульман, призывающее людей к добру, сплачивающее их на правильном пути и наставляющее их на то, в чем есть польза для их религии и мирской жизни, является мавлидом. Потому что оно способствует осуществлению цели от самого рождения Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) – спасению человечества. Так пишет выдающийся современный ученый Саудовской Аравии, имам Мухаммад бин ‘Алавий.

День, в котором родился Пророк (мир ему и благословение), является одним из самых дорогих дней года и приходится на 12-е число месяца Раби‘уль-авваль. Конечно же, этот день и этот месяц стоит выделить проведением мавлида, хотя мусульмане должны постоянно вспоминать о своем Пророке (да благословит его Аллах и приветствует) и изучать его жизнь и деятельность. Поэтому не следует ограничиваться проведением мавлида только раз в году, необходимо приобретать как можно больше знаний о нем.

Безусловно, сама форма проведения мавлида должна содержать только благое, т.е. люди должны собираться с целью поминать Всевышнего Аллаха, вспоминать и выражать радость по случаю рождения Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует), радость милости Всевышнего, сделавшего нас из общины Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует), благословлять его и совершать другие добрые деяния, которыми мусульманам необходимо заниматься при каждом удобном случае, особенно в месяце рождения Пророка (да благословит его Аллах и приветствует). Собрания для исполнения мавлидов – это величайший способ призыва к Аллаху. Более того, ученым и призывающим на путь Всевышнего необходимо постоянно напоминать людям о благом нраве Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), поклонении и других сферах его жизни.

Первым, кто отмечал день рождения Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), был сам Пророк (мир ему и благословение), об этом говорится и в хадисе, переданном Муслимом. Когда у Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) спросили о посте в понедельник, он ответил: «Это день, когда я родился». Эти слова Посланника Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) указывают на то, что проведение мавлида является благим деянием, соответствующим Шариату.

Имам аш-Шафи‘и сказал: «Пристанищем для того, кто позвал братьев по вере в свой дом на мавлид, приготовив еду, будет Рай «На‘им». Сарий ас-Сакати отмечал: «Кто вышел из дома с намерением посетить мавлид, тот является из числа тех, кто жаждет посетить Райские сады». В дом, в котором исполняют мавлид, нисходит милость Аллаха. Ангелы окружают этот дом, он заполняется нуром, и на всех присутствующих нисходит благодать. Обитателей этого дома благословляют ангелы Джибриль, Микаиль, Исрафиль и ‘Израиль (мир им). Так утверждал имам ас-Суюти.

Все признанные и известные мусульманские алимы, знавшие тонкости и глубину нашей религии, в течение многих веков без всяких сомнений одобряли и проводили мавлиды. Для этого было много причин, среди которых и следующие: – Проявлять любовь к Пророку Мухаммаду (да благословит его Аллах и приветствует), а значит, и радоваться его рождению. Аллах велел нам радоваться милости, а Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) – это величайшая милость, поскольку Аллах сказал, что Он послал Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) только как милость для всех миров. – Посланник Аллаха ценил и возвеличивал день своего рождения, благодарил Всевышнего Аллаха за то, что Он создал его и дал жизнь, восхвалял Его за это благо. Это возвеличивание Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) выражал в посте по понедельникам. – Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) одобрял, когда поэты воспевали его в своих произведениях. Мавлид – это собрание мусульман для выражения радости по случаю рождения Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) и любви к нему.

В хадисе сказано, что в Судный день человек окажется рядом с тем, кого любил. – На мавлиде многократно исполняется благословение Пророку (да благословит его Аллах и приветствует). Всевышний Аллах говорит, что Он сам и Его ангелы благословляют Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), и велит нам, чтобы и мы так же усердно благословляли и приветствовали его. В Судный день, призывавший благословения на Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) получит его заступничество (шафа‘ат). – Чтение мавлида, стихотворных повествований о рождении Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), о его жизни и пророческой миссии, способствует получению знаний о Пророке (да благословит его Аллах и приветствует), а тому, кто имеет такое знание, напоминает об этом еще раз, и это вызывает переживания, способствующие усилению любви к Пророку (да благословит его Аллах и приветствует) и упрочению веры. Особенно большое значение имеет это для воспитания детей в духе любви к Пророку (да благословит его Аллах и приветствует), так как в этой праздничной обстановке мавлида они получают и воспринимают информацию о величайшем творении Аллаха. – В Исламе высоко ценится собрание мусульман для совместного богослужения, изучения религии, раздачи милостыни и различных даров, ибо хадис Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) гласит: «Радуйте друг друга, дарите друг другу подарки». «От того, кто раздает садака, на 70 лет отдаляется Ад», – говорится в другом изречении Посланника Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует). Поистине, одно лишь то, что во время проведения мавлида люди отдаляются от грехов, достаточно само по себе для признания его пользы.

Да благословит Аллах и приветствует Пророка Мухаммада, его семью и сподвижников, и одарит всех мусульман искренней любовью к Пророку (да благословит его Аллах и приветствует) и следованием ему во всем! Аминь!

Раби-аль-авваль занимает особое место в мусульманском календаре, поскольку в этот месяц родился и умер последний посланник Аллаха – Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует).

МЕСЯЦ РАБИ-АЛЬ-АВВАЛЬ

…В мире, полном мрака и тьмы, забрезжил свет. До рождения Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует) оставалось очень мало времени. Горизонт был полон знамений, свидетельствующих о приближении великого дня. В душах людей было настолько велико волнение, что очень многие мекканцы говорили о последнем пророке, советовались и наставляли друг друга…

Все ожидали великого спасителя, и каждый желал его появление именно в своем роду или племени. Однако он должен был появиться именно в продолжение золотой цепи потомков Авраама (мир ему). Знамения оповещали о его приходе. Темнота и ее беспросветность говорили о приближении зари.

Поистине, вам от Всевышнего Аллаха явились Свет [то есть Пророк Мухаммад] и ясное Писание [Священный Коран].

Священный Коран, 5:15

В другом аяте сказано:

[«О Пророк, воистину Мы отправляем тебя] призывающим к пути Божьему с дозволения Его и как источник, льющий свет (на истины Господни).

Священный Коран, 33:46

Наконец Свет, явление которого ожидали, соблаговолил осчастливить нашу Землю по милости Всевышнего, явившись на рассвете 12 Раби-аль-авваль, в понедельник, плодом священного бракосочетания Абдуллаха сына Абдулмутталиба и Амины, дочери главы племени Бани Зухра – Вахба ибн Абду Манафа.

В хадисе от Ибн Аббаса (да возвеличит его Аллах) сказано следующее:

Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) появился на свет в понедельник, в понедельник прибыл в Медину, в понедельник ушел в мир иной. В понедельник он установил камень Хаджар Асвад в Каабе. В понедельник была одержана победа в сражении при Бадре. В понедельник сошел 3-ий аят Суры «Аль-Маида»:

«Сегодня Я завершил вам вашу религию».св. хадисов Ахмада и Хайсами

Казалось, будто все щедро одаренное сущее, обретя способность говорить, воскликнуло: «Добро пожаловать! Милости просим, о, Посланник Аллаха!».

С появлением божьего посланника (да благословит его Аллах и приветствует) милость Аллаха и Его благодать усилились. Утренние зори и вечерние закаты стали более яркими. Чувства стали глубже. Слова, дружеские беседы, вкусы обрели широту и полноту. Все наполнилось особым смыслом, особой красотой, прелестью и изяществом.

В ту ночь, когда посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) облагодетельствовал своим рождением мир, произошли некоторые, невиданные доселе, чудеса. Вот некоторые из них:

«Как сообщила Амина, она не испытывала никаких затруднений ни во время беременности, ни во время родов. В момент появления на свет посланника Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) она увидела, что от нее отделился Свет, который осветил пространство от востока до запада. Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) появился на свет чистым. Он уперся руками в землю и, подняв голову, обратил Свое лицо к небесам» [Ибн Сад, I, 102, 150].

«В это время шайтан изверг из себя такой истошный вопль, какого он не издавал никогда прежде…» [Ибн Касир «Аль-Бидайя», II, 271].

Долину Самава (Самава – песчаная пустыня, находящаяся между Куфой и Шамом, на юго-востоке от Багдада, в 235 км от него, в местности, называемой Кальб) затопило водой.

Во дворце Хосроя обрушилось 14 колонн.

Погас огонь в святилище персов, огонь, обожествляемый ими и не гаснувший в течение 1000 лет. [Ибн Касир «Аль-Бидайя», II, 273].

Женщина по имени Шифа', принимавшая роды у Амины, матери будущего Пророка, после рассказывала: «Появившись на свет, ребенок сразу принял положение, подобное земному поклону. С момента рождения он был с обрезанной пуповиной и суннатом. Он был чистым, кожа его была будто смазанной маслом, глазки – будто подведенные сурьмой, от него исходил приятный аромат, наполнивший всю комнату».

Удивительно, едва успев открыть глаза на этот мир, новорожденный Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) принимает позу земного поклона! Быть может, секрет этого кроется в пророческих словах:

«Самое близкое положение раба Божьего к Господу своему, когда он в состоянии земного поклона». [Ас-Суюты Дж. Аль-джами' ас-сагыр. С. 84, хадис №1348].

Эту близость нашего Пророка к Господу миров мы видим на всех этапах его жизни: от рождения и до смерти. Ведь Сам Всевышний повелевал ему:

И поклоняйся Господу своему, пока не придет к тебе смерть.

Священный Коран, 15:99

И он поклонялся Всевышнему днем и ночью, в уединении и среди людей. Поклонение никогда не утомляло его. Наоборот, лишь приумножало в нем стремление к покорности пред своим Создателем. Какую бы страницу из жизни нашего Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) мы ни приоткрыли, повсюду видна покорность Всевышнему. Любое движение или, наоборот, неподвижность, каждый вдох и выдох отражали неземную близость Пророка к Господу миров. И если попытаться жизнь посланника Божьего отобразить каким-то символом, то это будет силуэт человека в земном поклоне.

Во всем посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) совершенен. Если возьмем выполнение им молитв-намазов, то не сможем найти подобного ему. Если рассмотрим соблюдение им поста, то в этом никто не мог и не сможет сравниться с ним. Если полистать книги, в которых приводятся формы восхваления Аллаха, проговоренные Пророком, то окажется, что в его жизни не было момента, когда бы с его уст не сходил зикр. Вся жизнь его была проникнута восхвалением и обращением к Всевышнему. И в этом ему также нет равных.

Изучив любую сторону жизни Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует), мы не сможем найти равных ему. Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) был совершенен во всем. В словах высокочтимого имама 'Али ибн Абу Талиба (да возвеличит его Аллах) Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) упоминается так:

Посланник Аллаха был щедрейшим из людей. Сердцем — самый отзывчивый; словом, самый правдивый; он говорил и вел себя так естественно и верно, что сядь рядом с ним – и не почувствуешь себя неуютно, а напротив, будто сидишь с другом. Но он обладал таким высоким духом, что никто никогда не сможет достичь его уровня. Он был скромным с теми, кто сидел с ним в кругу, никогда не подчеркивал разницу между собой и сидящими с ним.

Ибн Касир, Шамаиль, 44; Тирмизи, Манакыб, 8

Ни до Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует), ни после невозможно указать человека которого любили бы в той же степени. Все верующие, в чьих сердцах он живет, непрестанно говорили и говорят:

В тебя влюбилось сердце, почему?

Твой лик, как день, блистает ярко, почему?

Да, это так. Ибо он – возлюбленный Создателя миров.

В хадисе от Анаса (да будет доволен им Аллах) говорится, что Пророк Мухаммад сказал:

Сладость веры ощутит тот, кто отличается тремя (качествами): любит Аллаха и Посланника Его больше, чем все остальное, любит (того или иного) человека только ради Аллаха и не желает возвращаться к неверию так же, как не желает он быть ввергнутым в огонь.

Св. хадис аль-Бухари и Муслима

Поскольку точная дата рождения Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует) неизвестна, мавлид был приурочен ко дню его смерти, что накладывает отпечаток на характер торжества. По указанию одного из мусульманских правителей, для проведения мавлида собрали известных хадисоведов, теологов и получили одобрение и у восточных, и у западных исламских ученых, например аль-Хафиза Ахмада ибн Хаджар Аскаляни и его ученика аль-Хафиза ас-Сахави, а также ас-Суюти и др. Ас-Сахави отмечал в своей книге «Фатава» («Религиозные заключения»), что мавлиды начали проводиться по истечении времени Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), и праздник этот распространился по исламскому миру. В Османском же халифате Мавлид ан-Набий стал официальным праздником.

Эта ночь самая дорогая для нас после Ночи Могущества (ляйлят аль-Кадр). Тем, кто в эти дни и в ночь рождения молится и возносит благодарственные слова рождению Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), прощаются грехи.

В месяц Раби-аль-авваль большим благодеянием является чтение, слушание, изложение чудесных событий той ночи, в которую родился наш Пророк (да благословит его Аллах и приветствует). Рождение Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует) явилось предвестником прихода истинной веры – Ислама.

Участие в мавлиде требует определенного поведения. Важно, чтобы было искреннее намерение. Должны быть отброшены любые не благочестивые мысли. Идя на мавлид, необходимо совершить ритуальное омовение и умаститься дозволенными благовониями, следует отрешиться от мирской суеты: житейских трудностей, желаний, сомнений. Месяц дарования Пророку (да благословит его Аллах и приветствует) вечной жизни может стать для нас и месяцем мусульманского призыва. Проведение маджлисов не должны совпадать со временем совершения намаза.

Благодаря своей неугасаемой любви к избраннику Всевышнего Аллаха, мусульмане вновь и вновь сходятся в общих молитвах, оставляя на время мирские дела и проблемы, исполненные желанием еще раз открыть для себя и своих близких чистый мир Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), чтобы вновь погрузиться в этот мир и ощутить непреходящую свежесть высоких ценностей, принесенных и установленных посланником Аллаха.

Один из сподвижников Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует) обладал поэтическим талантом и писал стихи в честь Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) и мусульман. Его называли «поэтом посланника Аллаха». Хасан ибн Сабит родился в Медине, принадлежал к племени Хазрадж. Принял Ислам приблизительно в 60 лет, и после этого не разлучался с Пророком (да благословит его Аллах и приветствует).

В связи с возрастом и физической слабостью, он не участвовал в сражениях, но поднимал боевой дух мусульманских бойцов своими стихами. Хасан участвовал в различных диспутах и своими стихами оказывал идеологическую поддержку мусульманскому движению. Он прожил долгую жизнь и умер приблизительно в возрасте 120 лет. Каждый автор, осмелившийся создать произведение о Мухаммаде (да благословит его Аллах и приветствует), разумеется, стремился как можно полнее описать чистоту его души и тела, благородные качества характера и поведения, но всегда осознавал, что недостаточно ни слов, ни его таланта, чтобы сказать все об этом Великом Человеке. Известно высказывание Хасана ибн Сабита, получившего прозвище «мадих-и Расул» (восхваляющий Посланника): «Не думайте, что я своими словами восхвалял Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует)! Я всего лишь украсил свой слог Мухаммадом (да благословит его Аллах и приветствует) и больше ничего!».

По традиции в мечетях и домах мусульман говорят о благодеяниях и высоконравственных качествах Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), в его честь произносят молитвы-восхваления салаваты, исполняют мусульманские песнопения. Эти произведения у разных народов называются по-разному: мавлид (маулед), мунаджат, баит, касыда и т.д. и читаются нараспев. Касыдой мавлиды называются и по своей жанровой поэтической форме, которой обычно пишутся на всем мусульманском Востоке.

Торжества, посвященные Пророку Мухаммаду (да благословит его Аллах и приветствует), проходят в течение месяца в мусульманских общинах в разных уголках нашей страны.

В эти благословенные дни каждый может спросить себя: «Какое место отведено Пророку Мухаммаду (да благословит его Аллах и приветствует) в моём сознании? Насколько велика моя любовь к нему? Как часто я вспоминаю того человека, благодаря которому Всевышний наставил меня на праведный путь, выведя из тьмы невежества к свету, того кто объяснил и показал цель жизни? Являемся ли мы братьями Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует) по делам своим?»

Как-то Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) произнес:

«Ах, как сильно я желал бы увидеть наших братьев!»

Сподвижники удивленно спросили:

«Разве не мы твои братья?»

На что посланник Всевышнего ответил:

«Вы – мои сподвижники. Что же касается братьев моих, то это те, кто придет позже [они последуют за мной, когда меня в этом мире не будет]»

Имам Муслим. Сахих муслим [Свод хадисов имама Муслима].

Рияд: аль-Афкар ад-давлийя, 1999. С. 126, хадис №249.

Пусть же Господь не сделает нас из числа тех, кто, заявляя о своей вере, ничего не знает о ней, утверждает о приверженности Пророку (да благословит его Аллах и приветствует), но не старается следовать ему, провозглашает готовность служить на благо религии, но своим существом, имуществом, усилиями и действиями не оберегает ее; тех, кто не может преодолеть бездействие, леность и безответственность. Амин.

Радия Завдетовна,
mahalla1.ru
Подготовил в печать –
С. Муртазаев

МОВЛАДАН БЕТТАН ХЬУРМАТ ДАРЕХЬ СОВБУЬЙЛУ ВАЙН МАХКАХОЙ

ХІоразза а РабиІул-Аввал бутт гергабогІуш, вайн республикин бахархой хьалхе дуьйна кечамаш беш хуьлу вайн Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) винчу баттахь шайн хІусамашкахь сагІийна дика кхачанаш а кечбина, мовлад дешийта. ХІоранна а хаьа, мовлад дешар шарахь муьлххачу а хенахь магош а, кхочушдича, мелехь а хилар. Амма кху баттахь массо а Дела хьахорехь а, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) салаваташ дахкарехь а соввала лууш хуьлу, кху батта чохь сагІадаккхар а, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) везарехь билгалвала гІортар а алсамдолу.

Бусалба дин довза, цуьнан кІоргенашна тІекхиа вайн бахархой хьуьжаршка деша лелар жигарадаьлла. Уггаре а доккха хазахетар ду мутаІеламашна юккъехь алссам зударий а, мехкарий а хилар.

Вайн махкахь кху карарчу хенахь нийсачу новкъахь, шайна муьтІахь доьзал дІатарбан гІерташ, дай-наноша шайн бераш дукха хьалхе дуьйна Къуръан деша Іамо хьуьжаршка дохуьйту. Кхузахь иштта дукха дуьйцу мутаІеламашна вайн Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дахарх а, цуьнан сийлаллах а.

Ткъа вайн могІарерчу бахархоша кху баттахь мовладе леларца деш долу нехан гІуллакхаш, белхаш алсамбовлу, цу декъехь царех схьабеттало кхин а къонанаш, вайн дайшкара схьадогІу ламасташ чІагІдеш.

Мовлад а, сагІа а, цаьрца доьзна цхьамогІа хаарш цхьанна а новкъа хир дац, вай хІора а дийнахь, и хууш корматалла йолчу, вайн Іеламнахе хеттарх. Уьш наггахь юкъахь башхалла йолуш нисдалар нийса кхетон дезаш ду, оццул йист йоцуш шорта ду АллахІан Іилма а, къайленаш а. Уьш вайна довзар а тайп-тайпанчу хьостанашкара а нисло. Ткъа РабиІул-Аввал беттан хьурмат дар вайн республикехь лаккхарчу тІегІанехь дІахьош ду тІаьхьарчу шерашкахь, Мухаммад-Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) вина бутт и хиларна. Дала Ша къинхетам бинчу, АллахІ къинтІераваьллачу тобанах дойла вай а, вайн тІаьхьенаш а!

Тагаев Сайд-Хьасан

№ 23-24 (376-377)
Исламан
Islam
Islam
Islam

2014-ЧУ ШЕРАН 4-ГIА ДЕКАБРЬ

20I4-чу шеран 4-чу декабран буьйса яра и, ирча зулам вайн мехкан коьртачу шахьарахь даьржинарг. Маьрша гIала, маьрша шайн хIусамашка чубирзина бахархой, маьшачу дахаран маьрша буьйса…

* * *

Маржа-яI! Ма хийла нана, кийрахь леттачу цIеран алу бIаьрхишца яйъа аьтто боцуш, шена хиллачу хораман хало хьулъян АллахIе ийман, кхин цкъа а ийман доьхуш, аз доцуш кхайкхира…

Елхалахь, нана, хьайн жимчу, ховхачу кIентан хеназа хаьддачу дахарна, елхалахь, нах боццу нехан кадаяьлла, къонахчун сецначу дагна, елхалахь, ямартчу Iалашонца араволучунна хьайн бIаьрхих дуьхьало хилийта санна. Елхалахь, нохчийн нана, хьо йоьлхуш а ца доьхна дуьне цкъа а духур а дуй-те? Цхьана а ненехь хуьлий-те нохчийн ненаца нийсса ийман а, собар а? Цхьа а нана йолийте иштта даза ца долуш деанчу вонна дуьхьал? Нохчийн нанас бен тухий-те иштта чIогIа са, гойтий-те иштта доьналла?

ХIун некъ, хIун Iалашо, хIун гIазот дара зуламхоша цу буса юьхьарлаьцнарг? Иштта муха хир ву, я иштта хуьлу шен орамашкара дуьйна схьа цIий цIеначу, шен цIийх, тIамарх нохчалла доьллачу-ийначу, бакъволчу нохчичун нийят?! Шен а, кхечун а нана елхош хуьлу кIант, шен а, нехан а доьзалш байлахь буьтуш, тхан вац и, тхох вац и баххал, дай юьхьIаьржа а хIиттош? ХIун дика доссийна цара шайн доьзалшка? ТIаьхьарчу тIаьхьенна яккха муха цIе, тIетовжа хIун юьхькIам, дан хIун дозалла дити цара? ХIун дика ду цу зуламан дайша динарг? Цхьаъ бен воцу кIант вийна, ненан къа хьанах хьаьрчина, ден йовхонах хадийна, баьхначу доьзалан хьакъ стенца дуьстина? Тахана а, цхьаъ бен воцу кIант декъалхиллачу дийнахь а тоьллачех ма ю нана...

* * *

И еха буьйса сахуьлане лестича, даима а санна, шен балха схьаеара СоьлжаГIалин 20-чу школан белхало Дакаева Емиша. Хьанна хаьара, маьршачу буса чубирзинчу доьзална шайна генадоцуш кхехкаш и зулам дуйла а, шайх цхьаъ лаамза цуьнан декъашхо хила везий а... Цу зудчун хIун бехк бара? Цхьана нохчичун йоI, нана, йиша, хIусамнана яр-кха и, шен доьзална сискал яккха араяьлла, я ларамза цу кIуьран юккъе нисвеллачу Зорбанан цIийнан белхалочун хIун бехк бара, шен белхан меттахь хьанала къахьоьгуш волчу?..

Дийнахь а, буса а, даима а махкана гIаролехь лаьтта вайн къоман къонахий. Лаьтта, сан а, шун а, вайн массеран а паргIато ларъеш, къизачу шина тIамах даьллачу вайн жимачу къоман маьрша дахар лардеш. Лаьтта, шайн синош, шайн дахар махкана хьаналдина. Цхьаъ санна, массо а…

ХIора а ву-кх шен балха тIехь махкана гIаролехь. ХIораммо а лоцу шенначул а дакъа: цхьаъ – герз карахь, важа – къолам буйнахь. Цу буса, зуламхоша и тIелатар динчу буса, шайн белхан низам а лардеш, шайн белхан меттигашкахь бара нохчийн пачхьалкхан «Грозный»телевиденин белхахой а. Зорбанан цIенний, телевиденин гIишлонний юккъехь берг цхьа пен бен боцушшехь, хIора дIаьндарг цхьаьннан са эца хьаьгна йогIий хуъушшехь, карахь герзан метта беккъа цхьа къолам, кехатан цуьрг бен йоцуш, амма кийрахь нохчийн къоме а, шайн дайн махке а болчу безамах дуьззина дог а долуш, дIакхоьхьу цара шайн хаддаза гIарол. Къоман синтеман, синхааман гIарол...

* * *

ХIун ду адамо, ша дIакхелхича, шена тIаьхьа дуьненчохь даха дуьтуш дерг? ХIун ду къонахчух дуьсуш дерг? Хьал-бахамаш? Уьш кхачош, чаккхе йолуш дозаллаш ду… Я гIаланаш? Уьш а къемата тIемаш ца хилча а, замано херцош, дIашарйо… Ткъа чаккхе йоцуш, хан-зама йоцуш, юьсуш ерг, ехаш ерг, дуьненан рицкъанал а еза, мокхаза бердал а чIогIа, дахчийначу болатал а тешаме йолу къонахчун цIе ю...

Хан-зама яларх, таханлерчу вайн заманхоша а, кхана тIекхуьур йолчу вайн тIаьхьено а йийцийр яц и буьйса... Бицбийр бац, шайн къона дахар вайн синтеман, машаран, вайн паргIатонан закъалтана диллина, декъалхилла къоман и къонахий…

Бехоева Луиза

Ко дню Героев Отечества

Командир взвода полка патрульно-постовой службы полиции имени Героя России А. Кадырова, лейтенант полиции Майрбек Магомадов родился 10 декабря 1970 года в с. Алхан-Кала Грозненского района ЧР. С декабря 1989 по ноябрь 1991 года проходил службу в рядах Советской Армии. В 2010 году окончил Открытый гуманитарный институт г. Грозный. С 29 июня 2004 года – служба в МВД РФ по ЧР.

Погиб 8 апреля 2012 года.

Кавалер Ордена Мужества (посмертно)

ПОДВИГ ВО ИМЯ ЖИЗНИ…

О чем он думал? Что промелькнуло перед его взором в те последние, нет, не секунды, а мгновения или какие-то доли мгновения между жизнью и вечностью? Что? Мы уже никогда не сможем узнать, да и не это главное…

Старенькая женщина с застывшею слезинкою в уголках печальных глаз, как будто она забыла скатиться по щеке, нервно перебирает пальцы натруженных рук. В этих глазах все. И боль, и гордость... Боль матери, потерявшей сына, и гордость, гордость за этот последний подвиг его. Она, растерявшись немножко из-за нашего внимания, смущенно улыбается, но только Аллах и она одна знает горькую цену этой улыбки. Вайдат Магомадова родила и воспитала 10 детей. Каждый из этих десяти дорог, каждому вдоволь досталось и материнской любви и ласки, но Майрбек…

«Он с детства был какой-то особенный, – пытается сдержать слезы Вайдат. – Всегда очень внимателен не только по отношению к братьям и сестрам, но даже к родителям. Очень рано повзрослел и чувство ответственности за семью, к нему пришло гораздо раньше самого взросления».

Майрбек Магомадов родился и вырос в селе Алхан-Кала Грозненского района Чеченской Республики. Здесь же окончил среднюю школу и отсюда призвался и ушел служить в армию. Окончив службу в рядах вооруженных сил и демобилизовавшись, он вернулся на Родину, поступил в Открытый гуманитарный институт, женился, но так было предопределено свыше, что к мирной жизни еще надо было идти и идти через суровые будни тяжелых послевоенных лет. В неспокойной республике надо было восстанавливать не только послевоенную разруху, но и мир.

…Иногда мы говорим, образно выражаясь, что профессия сама выбирает человека, но здесь в Чечне службу в органах внутренних дел в начале 2000-х годов сложно было назвать профессией. Это был своего рода образ жизни, когда живешь одной этой работой, и не потому только, что ты фанат, просто время само говорило за себя. Время и место…

Человеку с таким характером и с таким воспитанием долго и не пришлось ломать голову, куда пойти и где работать.

Майрбек как-то сразу решил для себя, кем и где он должен быть в это смутное время, его выбор был вполне осознан и осмыслен. Это сейчас можно увидеть перспективу и выгоду плюс карьерный рост в военной службе, но тогда, лет 15 тому назад, службу в органах в послевоенной Чечне выбирали или отпетые романтики, или же патриоты.

Те, кто был рядом с ним, кто знал его отмечали в нем не только сильную волю, не только беспримерную храбрость, но и великодушие, свойственное только сильным личностям, готовность прийти на помощь и даже пожертвовать собой, если того требовали обстоятельства.

Вот как вспоминает своего товарища и однополчанина Адам Тазуркаев, сослуживец Майрбека: «Майрбек был из тех, кто всегда готов прийти на помощь, для него не существовало своих и чужих проблем, все, что касалось его товарищей, Майрбек воспринимал, как свое личное. В любое время суток он рад был быть полезным. Рядом с ним всегда было спокойно и надежно. Он для всех нас был не только сослуживцем, но и старшим другом, братом».

Друг, брат – сложно соответствовать этим качествам человеку, который не способен отдавать больше, чем получать. У Майрбека как-то само собой получалось быть именно там, где он нужнее всего и тогда, когда это необходимо. «Не было ни одного случая, чтобы он кому-то отказал в помощи или не откликнулся на чей-то зов. В любой сложной обстановке он умел в доли секунды сосредоточиться и выбрать наиболее правильный вариант»,– сказал в беседе с нами Иса Тамусханов, сослуживец и друг Майрбека.

Тем и отличается служба от работы, что она не делится на рабочее и нерабочее время. Ты на службе все 24 часа в сутки. В любой момент нужно быть готовым к выполнению задания. Тогда перед своим последним выездом Майрбек как-то непривычно долго задержался за завтраком с семьей. Потом, не спеша, вышел и завел машину, но что-то его словно не отпускало… Он снова вернулся во двор, немного постоял, а потом, еще раз окинув взором дом и двор, повернулся и пошел к машине.

«Он всегда очень быстро собирался на работу, сказывалась многолетняя привычка всегда быть начеку, но в то утро муж непривычно долго собирался, а потом за утренним чаем задержался дольше чем обычно, был несколько задумчив и, как мне показалось, несколько рассеян», – вспоминает супруга Лейла Магомадова.

В то утро все начиналось, как обычно. Это был обычный выезд. Обычный для тех, кто в любое время суток, в любую погоду, и в дождь, и в слякоть, и в стужу, и в зной привык по тревоге собираться и в считанные часы выдвинуться на указанный квадрат. Сколько их было, трудных, опасных, порой сопряженных с жизнью и смертью? Они называют это работой. Обычной работой защитников Отечества.

Магомед Бексултанов, один из тех, кто в тот последний выезд был рядом с Майрбеком. Вновь и вновь возвращает его память в тот апрельский день. «Мы шли уже вторые сутки. По поступившей информации в этом квадрате была перевалочная база бандитов и мы осторожно прочесывали лесной массив. Майрбек, как всегда был в группе разведки, то есть в авангарде».

Это сейчас бойцы говорят так просто «сутки мы шли». Это сутки форсированного марш-броска по горно-лесистой местности. Сутки, когда опасность может подстерегать за каждым кустом, каждым деревом. Когда на весах только два мерила – жизнь и смерть.

Теперь, когда уже прошло столько времени, те, кто в тот день был рядом, вспоминают, что Майрбек в тот день был несколько задумчив и мало говорил, хотя он никогда не отличался особой разговорчивостью.

Первый выстрел всегда бывает неожиданностью, как бы ты его не ждал. Когда тишину и покой затаившегося леса прорезает треск автоматной очереди, в какие-то тысячные доли секунды внезапность застает врасплох, но и этого бывает достаточно, чтобы понять и оценить обстановку. Бой начался почти одновременно с первым же выстрелом. Майрбек получил ранение в ногу, но это не мешало ему вести бой. Под перекрестным огнем противника он, перебегая от одного дерева к другому, вел ответный огонь.

Иногда исход боя решают первые минуты его начала. Когда схлестываются две силы, победа всегда бывает на стороне той, которая сумеет первой правильно расставить акценты на своих уязвимых точках. Майрбек был ближе всех к огневой точке противника, и вся картина боя ему была яснее, чем кому-либо. Раненная нога давала о себе знать, но, несмотря на это, он подбирался к эпицентру огня все ближе и ближе. Вот один бросок в сторону засевшего врага, второй,…

Ребята видели, как их товарищ прислонился к стволу дерева и присел на одно колено и в ту же секунду раздался взрыв…

Растяжка сработала, когда Майрбек, прислонившись спиной к стволу дерева перенес вес тела с раненной ноги на здоровую…

Смерть несоизмерима ни с чем. Как бы много мы не говорили о том, что так было суждено, что это судьба мы – люди, и мы никогда не сможем до конца привыкнуть к самому ее факту, но мы учим себя смирению, а значит, и принимаем ее. Но как бы ни пытались мы понять и принять ее, уход близких – это всегда боль и горечь. Боль от потери, горечь от того, что как бы мы не старались, всегда у нас остается сожаление. Сожаление от невысказанных слов, от недостатка внимания. Мы всегда что-то не успеваем, что-то не договариваем, а они уходят на минуту, чтобы никогда больше не вернуться. Уходят в вечность во имя жизни…

Они сидели передо мной, те самые ребята, которые тогда возвращались со своего боевого задания, потеряв в том бою друга и товарища.

Лица, только вступившие в пору зрелости, лица уже познавшие и боль потерь и горечь поражений, уже успевшие хлебнуть все тяготы и лишения нелегкой службы… Я всматривалась в эти лица и пыталась понять, что..? Что движет этими ребятами, выбравшими себе такую трудную работу? О чем они думают? Не бывает ли желание уйти? Ради чего все это?

«Как ради чего? Ради детства детей наших, ради матерей и сестер. Ради тех, кто придет после нас! – с жаром воскликнул командир той группы, а ныне заместитель командира полка патрульно-постовой службы полиции имени Героя России А.А. Кадырова Руслан Дибиров. – Кто, если не мы? Что мы оставим нашим потомкам? Истерзанную войнами, разрываемую распрями, раздираемую раздорами землю? Простят ли они нам, если мы позволим этим нелюдям вершить свое черное дело и дальше? Ни наша кровь, ни смерть не будут напрасны, потому что все, что мы делаем, мы делаем во имя нашего завтра и завтра наших детей, нашей Родины!».

Вот так они уходят каждый раз. Защитники и Герои Отечества, наши с вами сыновья и братья. Уходят, чтобы вернуться... И возвращаются. Нашей гордостью, славой, нашей памятью…

Луиза Бехоева

Дас шен кIанте дина хьехар

Хьайна Дала деллачунна Далла хастам белахь,
Хьайн деций, ненаций кIеда-мерза хилалахь,
Хьо реза цахилар царна ма гайталахь,
Хьайн вежаршца а яхь хилалахь,
Хьайн вежаршна, оьшуш елахь,
хьайн хIума кхоа ма елахь.
Хьайн вежаршкара даьлла хIума,
нахала ма даккхалахь.

Мел боьха велахь, а стагца хьагI ма хилалахь,
Хьайн чохь даьлла дов пхьоьхана ма даккхалахь,
ГIийла-мискачаьрца сонта ма хилалахь,
Хьанала къахьегна доцург, рицкъа ма гулделахь,
Нехан рицкъа лачкъош ма хилалахь,
Хьайн бехк болуш, гергарло хада ма делахь.

Лулахочуьнца чIогIа собаре хилалахь,
Айхьа лелор дацахь, керла загIа тIе ма эцалахь,
Хьайн хIусаме кхаьчна стаг, хьаша вай, тIелацалахь,
Хьешана кхача диканиг лолахь,
Хьешана мотт-гIайба кIеданиг биллалахь,
Хьешо дина дехар кхочушдан хьажалахь,
Хьаша дIаваххалц, чохь дов ма даккхалахь,
Хьаша дIавоьдуш, цунна тIаьхьа валалахь.

Лулахочун вонехь-тезетахь доггах хьовзалахь,
Хьайн берана тIехула нахаца дов ма делахь,
Хьайн мостагIчунна ямарт ма хилалахь,
Хьайл баккхийчаьрца гIиллакхе хилалахь.
Хьайл кегийчаьрца лераме хилалахь,
Воккханиг вистхуьлуш, юкъах ма ваккхалахь,
Воккханиг чувеъча, цунна хьалагIатталахь,
Воккханиг охьахаъалц, охьа ма хаалахь,
Хьо охьахаавахь, неIарехьа хаалахь.
Воккхачо къамел деш, леррина ладогIалахь,
Цуьнан пурбанца бен вист ма хилалахь,
Воккхачуьнца дIавоьдуш, аьрру агIор хIотталахь,
Цунна новкъа хинйолу хIума сиха дIаяккхалахь.

Хьайн дов нахе ма кхийдаделахь,
Нехан дов айхьа тIе а ма эцалахь.
Ялош йолу зуда цхьана буха тIера ялаелахь,
Зуда ялийча, эхашарахь баккхийчех къехкаш хилалахь,
Ахь зудчуьнца къамел деш,
дений-наний ма хазийталахь,
Зудчуьнца охьахиъна, дений-наний,
гергарчарний ма гайталахь,
Хьайн метта хIусамнене къамел ма дайталахь,
ХIусамненан багара гаьллаш дIа ма яхалахь.

ХIусам чохь оьшуш дерг хьо хууш хилалахь,
Нехан зударий сецо ма гIерталахь,
Хьайн зуда нахе сеца а ма яйталахь,
ХIусумненаца кад-Iайг къийса ма хIотталахь,
Хьайн ненахой, стунцахой лоруш хилалахь

Iаш волу хьайн хIусам эвхьаза ма яккхалахь,
ХIусамехь барт латтош, «да» хилий латталахь,
КIентий бу алий, царах дозалла ма делахь,
Дайша лелийна уьйраш хеда ма елахь.

Хьайна цхьа дика диначунна кхо дика дан гIорталахь,
Хьайна цхьа вон диначунна, вон ца деш IадIелахь,
Хьайн вонехь, тезетахь, оллалой,
Iаржлой ма хилалахь,
Хьайн бIаьргах хи долуш, цхьанна а ма гайталахь,
Нехан вонехь, тезетахь,
велалой-векхалой ма хилалахь.

Дарвелла а волуш къамел ма делахь,
Ойла яй, паргIат делахь,
Айхьа деш долу къамел дуйнаца чIагI а ма делахь,
Айхьа дийр доцург дийр ду ма алалахь,
Къуръанца дуй баий, доттагI ма лацалахь,
Хьайга ца деллачу хаттарна жоп ма лолахь,
Хьайга дIакхехьалун боцу мохь тIе ма эцалахь.

Мел гIийла велахь, а стагана куралла ма елахь,
Мел онда велахь а, стагана хьеста а ма лолахь.
Хьо кхайкхина воццу гуламе ма гIолахь,
Кхайкхина хьо водахь, хьайн гIант ларделахь,
Хьо гIаттор волчу гIанта ма хаалахь.

Абубакар М.

№ 23-24 (376-377)
Islaman
Islam
Islam
Islam

МОВЛАД-МУЗАРИЙЯТ

Бисмиллах1 иррохьманиррохьийм

1. Ярабби солли Іала
Мухтарин мин музарин,
Вал энбийа, ва жами
Іиррусли ма зукиру.

2. Музарха ша хаьржинчух,
Дела, къинхетам белахь,
Пайхамарех, Элчанех,
Уьш хьехабар мел лаьтта.

3. Асхьабашца, тайпанца,
Цунах къинхетам белахь.
И асхьабаш бу уьш, –
Динан къайле ларйинарш.

4. Цуьнца гІазот латтийна,
Делан дуьхьа къахьегна,
ХІижрат дина, гІо лаьцна,
Элча шайга хьабийна.

5. Суннат, фарзаш билгалдеш,
Цуьнан агІо чІагІйина,
Делан дуьхьа ларбелла,
Цуьнан дуьхьа гІо лаьцна.

6. Къинхетамах цІенаниг,
Сийлахь кхиар сов дериг,
Халкъ Іабадеш, ІаьттІариг, –
Салават Элчанна хуьлда!

7. ЦІенчу миска иэдина,
Делан Ризван шех тоьхна,
Шен тІийбах сов тоьхнариг, -
Салават Элчанна хуьлда!

8. ГІамаран-лаьттан
буьртиган цІарах,
БІоллун, бецан хелиган цІарах,
Седанан, жагІан Іададан цІарах,
Салават Элчанна хуьлда!

9. Хенан гІан-патаран цІарах,
Делан массо хьаьркан цІарах,
Уьш дешаран, яздаран цІарах, –
Салават Элчанна хуьлда!

10. Ламанийн мискъалан цІарах,
Хин тІадамийн Іададан цІарах,
Хин, догІанан тІадаман цІарах, –
Салават Элчанна хуьлда!

11. Акхаройн,
олхазарийн цІарах,
ЧІерийн, даьхнийн
Іададан цІарах,
Адамийн, жинийн,
малийкин цІарах,
Салават Элчанна хуьлда!

12. Кегийчу, даккхийчу
зингатийн цІарах,
Делан массо буьртиган цІарах,
Массо чонан, пхьелаган цІарах, –
Салават Элчанна хуьлда!

13. Хьан Іилмано гуобахарехь,
Хьан кхоллам ша леларехь,
Хьуна лааран барамехь, –
Салават Элчанна хуьлда!

14. Азал заманахь дуьйна
Ахь халкъана деллачу
Хьан ниІматан барамехь, –
Салават Элчанна хуьлда!

15. Пайхамараш, маликаш
Шеца сийлахь хиллачу,
Элчанан сийлаллин цІарах,
Салават Элчанна хуьлда!

16. Адам-Элчанахь дуьйна,
Ахь дуьненчохь кхоьллинчу
ГІовттадаллалц
хиндолчу цІарах, –
Салават Элчанна хуьлда!

17. Стиглан, лаьттан охІлано
БІарг айбарехь, тохарехь,
Хьажор, белларан барамехь, –
Салават Элчанна хуьлда!

18. Стигал, латта, ламанаш,
Іарш а, курс а шех дуьзна,
Дуьненчохь а ца тарлуш, –
Салават Элчанна хуьлда!

19. Карийнарг ша дІаоьцуш,
Доцург ша карадойтуш,
Делан къудрат мел лела,
Салават Элчанна хуьлда!

20. Дагардалар совдуьйлуш,
Заманаш чохь ца тарлуш,
Хьуна доза ма-хаъара,
Салават Элчанна хуьлда!

21. Мусалли шега хьоьжуш,
ГІалат, чаккхе шен йоцуш,
Зама, барам шен боцуш,
Салават Элчанна хуьлда!

22. Салам шеца иэдина,
Массо дагардаларан цІарах,
Комаьршонца совдоккхуш,
Салават Элчанна хуьлда!

23. Дерриг Іадат шалха деш,
Цуьнан шалхо совйоккхуш,
Акъдаре Да, хьоьга кхойкху,
Салават Элчанна хуьлда!

24. Хьуна лааран барамехь,
Ахь омра а ма-дарра,
Хьо реза а ма-варра,
Салават Элчанна хуьлда!

25. Дерриг Іадат ша тоьхна,
Халкъан садаІарна чохь,
Дукха-кІезиг хилча а,
Салават Элчанна хуьлда!

26 ХІара салават диллинчунна,
Кхуьнга ладоьгІначунна а,
Массо а бусалбанашна,
Ярабби, Ахь гечделахь!

27. Тхан дайшна,
тхан наношна,
Доьзалашна, лулахошна,
Тхо дерриг а хьашт ма ду –
Ярабби, Ахь гечделахь!

28. Шайн дукхаллин са йоцуш,
Къинош алсам хилла тхан,
Хьайн гечдар Ахь совдаккхий,
Ярабби, Ахь гечделахь!

29. ГІайгІа алсам хиларо,
Сайн са къахьдеш,
со хьовзий…
Хьесталуш, дог кегделла,
Ярабби, Ахь гечделахь!

30. ЖагІо тасбихь шен карахь
Динчу Элчанан дуьхьа,
Дуьненахь а,
Къематан дийнахь –
Ярабби, Ахь гечделахь!

31. Хьайн гечдарца и тхан ял,
Ярабби, совъяккхалахь!
Хьан комаршо йоккха ю!
Ярабби, Ахь гечделахь!

32. Шен мадхьунгахь аяташ
Дала шега доссийнчу,
Халкъал дика ша волчу
ТІахІа Элчанан ва дуьхьа,
33. Малх кхетаран барамехь,
Бутт къагаран заманахь,
Халкъал дика волчунна
Салават, салам хилийла.

34. Пайхамарел тІаьхьа ша
Динна гІо деш хІоьттинчу,
Халифат-Сиддикъана
Дела реза хилийла.

35. Шен дашца харц-бакъдериг
Къастош-хадош волчунна
ХаттІабан воІ – Іумарна
Дела реза хуьлда-кха!

36. Шина нуьран да ша волчу,
Хазчу хІуманан Лам болчу
Іаппанан воІ – Іусманна
Дела реза хуьлда-кха!

37. Хьасайн, Хьусайн, Іелина,
ПатІиматна, ЗахІраана –
Сийлахь охІла болчунна
Дела реза хуьлда-кха!

38. Іубайдат, Зубайрана,
СаІид ТІалхьат СаІдана,
Іовпан воІ ша волчунна
Дела реза хуьлда-кха!

39. Іуьйре къагаран давамехь,
Буьйса йоларан заманахь,
Доьзалца, шен накъосташца
Дела реза хуьлда-кха!

40. Мовлая салли ва саллим
Даиман абадан
Іала хьабибика хайрил-
Халкъи куллихІими.

Шен дас Джунайда олуш хезначуьра зорбане кечйина Заурбеков МасІуда

ХЬАМЗАТ ВИЙНАЧУННА ГЕЧДАР

Пашаев Нурди

Іаьржа Іарбо, цхьа лай вара,
Делан Элча велхийтинчех.
Шен цІе Вахьший цуьнан яра,
Вара, динна зединачех.

Гоьмукъ тоьхна Хьамзат вийнарг,
Ша динчунна дохко ваьлла.
Делан салам, маршо хиларг,
КъинтІера ша воккхур аьлла.

Макка яьккхиначул тІаьхьа,
Дин тІеэца ваханера.
Тоьшалла деш цо цІеххьана,
Мухьаммаде хаьттинера:

«Ас кхечунна тоьшалла дац,
Хьо воччунна Делан Элча.
АллахІ воцург кхин Дела вац,
Мухьаммад ву цуьнан Элча».

Шена иза бІаьрга гича,
«Хьо вуй Вахьший?» - цо элира.
«ХІаъ, хІай сийлахь Делан Элча».
Цо цунна мукІарло дира.

Элчано элира тІаккха:
«Охьахаий дийцал суна,
Бакъдолчун нийса цІе яккха.
Хьамзат вер хилира муха?»

Вахьшис цунна жоп делира.
Хьамзат веран некъ бийцира.
Элча гІайгІане хилира.
ТІаккха цуьнга цо элира:

«Хьо дакъаза ма волийла!
Суна хьуо кхин гойтур воцуш,
Суна гена хьо волийла,
Хьан юьхь суна кхин гур йоцуш».

МустІафа йиш йолуш вара,
Хьамзат вийнарг циггахь вейта.
Цуьнгахь кхоччуш ницкъ а бара,
Цунна догІу таІзар дайта.

ХІетте цунна цо гечдира,
Шен юьхь гайтар цунна доьхкуш.
Цуьнгара чІир ца ийцира,
Ийман диллар деза лоруш.

Шен деваша Хьамзат вийна,
Вахьший хьалха ша витина.
Шен деваша вийначунна,
Къинхетамца ша гечдина.

Йиш йоллушехь шен иза вен,
ЧІирах хьалха и витина.
Шен юьхь-дуьхьал ца хІоттар бен,
Цунна дахар ца дихкина.

Къинхетаме Элча ву и,
ШапаІатан да хин волу.
Пайхамаршлахь сийлахь ву и,
Шел везаниг хилла воцуш.

МостагІчунна, цунний юккъехь,
Аллахь Дала пардо хІоттош.
Абу-Бакр цунна юххехь,
Сина паргІат, юьхь-кІай латтош.

Делан Элча къайла воккхуш,
Гезго хьехахь маша бузуш.
Элча даржехь лакха воккхуш,
Хьира хьеха малик дуссуш.

Лекъна болчу жийна шинехь,
Кхачо йолуш, шура йоссош.
Шена хьеха ислам динехь,
Дала вахью деш, Къуръан доссош.

Массо хенахь, Элча волчу
ХІусмехь Дала, беркат латтош.
И тхов боцчохь арахь хилча,
Цунна Іиндаг – марха латтош.

И бер долчу хенахь дуьйна,
Ша кхоьллинчо Іуналла деш.
Ша къастийна берахь дуьйна,
Вара Дала иза ларвеш.

Шена вондерг диначунна,
Дика хІума цо деш хилла.
Шена зулам диначунна,
КъинтІера и волуш хилла.

Шен хІуманан да вацара,
Шега ехнарг цо дІалора.
Цул комаьрша цхьа вацара,
Иза хууш вара хІора.

И массарел бакълуьйш хилла,
ТІекаре а дика йолуш.
Массо дукхавезаш хилла,
ХІора къоман векал лоруш.

Шен асхьабийн терго ярца,
ХІорангахь а лерам болуш.
КІеда, мерза вара цаьрца,
Дуьхьалкхетар къежна долуш.

Асхьабашка ша салам луш,
Цаьрга хьалха куьг дІакховдош.
Я дош аьлла юкъах воккхуш,
Цхьаннан а къамел ца хадош.

Цуьнан велар – къажар хилла.
Цуьнан къамел сацам хилла.
Везчу Дала сийлахь вина,
Мухьаммад хьо хьаьржина.

Элча хилла низам дезаш.
Хаза хьожа, цІано езаш.
Низам дацар, хатІ цахилар.
Ца дезнера боьха лелар.

Бакъдериг бен шен багара,
Цхьана дена ца хозуьйтуш.
Нийса доцург цхьа а хІума,
Я шегара ца долуьйтуш.

Бусалбанийн пачхьалкх кхуллуш,
Бакъдин – Ислам ша дІахІоттош.
Къаьхьа хиларх бакъдерг олуш,
Хьарам, хьанал вовшех къастош.

Диканиг бен вайн Элчано
Шена буха ца дитина.
Массо вочух вайн Элчано
Шен масалца вай лардина.

МУХЬАММАД ПАЙХАМАР ХАСТОРАН ДОШ

(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)

Ас хьо муха хастор вара
Сайн декъазчу маттаца,
Хийламмо хийлаза аьлларг
Карладоккхуш ца аьлча?
Мел чІогІа ас лехарх, суна
Дешнаш каро атта дац.
Делера салам хуьлда хьуна,
Делан Элча Мухьаммад!
Хьан безамехь сибат а гуш,
ЛадегІначу озе хьан,
Хьан асхьабийн ирсах хьоьгуш,
ДІаихна дай-наной тхан.
Хьо вийца, хьо хасто, суна
Дешнаш каро атта дац.
Делера салам хуьлда хьуна,
Делан Элча Мухьаммад!
Суьртаца гайталур боцуш,
Маттаца бийцалур боцуш,
Доза доцуш, барам боцуш,
Бу тхан хьоьга болу безам.
Хьо бакъвеш долу, хьан уммат
Дуьне ма-дду даьржаш го.
Делера салам хуьлда хьуна,
Делан Элча Мухьаммад!
Шайн доІица хьан цІе йохуш,
Орцане сатуьйсуш хьан,
Эхартахь хьо гур ву, бохуш,
ДІаихна дай-наной тхан.
Ахь тхоьга кховдийна суннат
Ницкъ кхочийла кхочушдан!
Делера салам хуьлда хьуна,
Делан Элча Мухьаммад!
Хьан умматах тхо ду, бохуш,
Дозалла деш, деха тхо,
Ялсаманехь хьо гур волуш,
Хьаам хуьлу дегнашна.
Ахь тхоьга кховдийна суннат
Кхочушдийр ду даима!
Делера салам хуьлда хьуна,
Делан Элча Мухьаммад!

Исмаилов Абу

ПОД ЗНАМЕНЕМ ИСЛАМА

Бисмиллах1 иррохьманиррохьийм

Давно минули дни седьмого века,
В истории остался Халифат.
Мир все бурлит,
но процветает Мекка,
И умма укрепилась во сто крат.

Когда народ страдал
от жизни бренной,
Везде довлел над истиной обман.
Явился лучший человек Вселенной,
И от Аллаха принял он Коран.

Мы с той поры, как недруги харама,
И вдохновляясь волею Творца,
Идем вперед под знаменем Ислама,
Нести его готовы до конца!

С пути для всех,
Пророком что прописан,
Нельзя нам сбиться даже невзначай.
И возвращаясь
вновь и вновь к хадисам,
Надежду холим мы увидеть рай.

Душою чистой –
не под гнетом страха –
Твердим мы, выделяя каждый слог:
«Нет бога, кроме одного Аллаха,
Мухаммад – от Всевышнего Пророк».

Ла илахІа иллаЛЛахІ,
Мухьаммаду расулаЛЛахІ.

Хожбауди Борхаджиев

Назма

ХУУР ДУ ХЬУНА...

Бусалба охІланах кхоьллина хьо волу
Ша цхьаъ веш,
Элча бакъвелахь ва баьхна.
Хьох къайле ва йина, хьо кхалхон ва волу,
Хьайн Дела вицви ахь – хуур ду хьуна.

БІаьргаца, лергаца, ког-куьг хьан нисдина,
Могашаллин совгІатна
хІара дуьне хаздина,
Дуьненан рицкъана юкъара ва хилла,
Хьайн Дела вицви ахь – хуур ду хьуна.

Шен парзаш ахь кхачдар
хьуна тІе диллина,
Дай, наний ва дезаш,
лералахь, ва баьхна,
Уьш реза барца бен,
гечдийр дац ва баьхна,
Делан дош дицди ахь – хуур ду хьуна.

Кхоьллинчу вайн Деле хьо шайна вехча,
Къанделча, тишделча, Іалашдан везна,
Шаьш делча, дІадерзон яхь йолуш везна,
Дай, наний дицди ахь – хуур ду хьуна.

Дуьненчу ваьлчахьана, хьох воккхавийна,
«Сан деган стом» бохуш,
шен даг чохь хьистина,
Шен бІаьрган нур санна, хьо дукха везна,
Хьайн Дада вицви ахь – хуур ду хьуна.

Исс баттахь шен кийрахь
хьо хала лелийна,
Дуьненчу ваьлчахьана,
ахь дукха хьийзийна,
Шен дегІан са санна, хьо дукха везна,
Хьайн Нана елхий ахь – хуур ду хьуна.

Ийманан гІиллакхаш шаьш хьуна хьехна,
Ламазций, мархиций нисвалар лехна,
Эхартан Іазапах хьо ларван лиъна,
Дай, наний делхий ахь –
хуур ду хьуна.

Шаьш шайна кхоийна, мерзаниг даийна,
Нийсарел тоьлляриг ахь юха ва лиъна,
ГІелвелла хьо вайча, дог доьлхуш лелла,
Дай, наний делхий ахь – хуур ду хьуна.

Дай, наний чехадеш, юьхьІаьржа хІиттош,
Шаьш санна болчарех и шиъ а хьегош,
Дел, ненал хьомсара хьайн зуда лоруш,
Церан дог дохий ахь – хуур ду хьуна.

Бакъ долу дай, наний –
харц дина хьийзош,
Хьайн зуда бакъйина, и хьайха кхардош,
ДоттагІий, лулахой тІаьхьашха белош,
Осала лийли хьо – хуур ду хьуна.

Къинхетамен шен бІаьргаш
мел-хица белхош,
Набар-тар дІатоьттуш, кхиийна нана,
Хестаме эшарца хьан ага техкош.
Ма атта йицйи ахь – хуур ду хьуна.

Ваханчохь хьевелча, тоха са доцуш,
ЦІа варе сатуьйсуш, дегнаш бІарзделла,
Баланехь даллийна
хьайн цхьаъ бен доцу,
Дай, наний дицди ахь – хуур ду хьуна.

Вайн Делан ва кхиэле вирзина ваьлча,
Цу Делан ва Іедал барт хетта доьлча,
Дех, ненах дерг хоьттуш,
хьо хьийзо волийча,
Байттамал, пайда бац – хуур ду хьуна.

Шен парзаш,
суннаташ кхочушдеш леллехь а,
Дай, наний резадеш, хьо хилла вацахь,
Делан дош чІогІа ду – гечдац ша аьлла.
Дакъаза ца вала – ойла еш хила.

Дай, наний ва хьастий, къинтІерадаккхий,
Летийнчу къиношна хьо дохковалий,
Кхоьллинчу вайн Деле хьо нисвар дехий,
Валарна кечлохьа – карор ду хьуна.

Умаров Султан, Жима-Атаг1а

№ 23-24 (376-377)
Исла́ман зIаьнарш
أشعّة الإسلام
Республиканская решаетно-просветительская газета «Зори Ислама»

КАЛЕНДАРЬ НА 2017 (1438-1439) ГОД

Январь — *Раби-ус-сани – Джумада-ль-уля*

Пн	Вт	Ср	Чт	Пт	Сб	Вс
						1 3
2 4	3 5	4 6	5 7	6 8	7 9	8 10
9 11	10 12	11 13	12 14	13 15	14 16	15 17
16 18	17 19	18 20	19 21	20 22	21 23	22 24
23 25	24 26	25 27	26 28	27 29	28 1	29 2
30 3	31 4					

Февраль — *Джумада-ль-уля – Джумада-ас-сани*

Пн	Вт	Ср	Чт	Пт	Сб	Вс
		1 5	2 6	3 7	4 8	5 9
6 10	7 11	8 12	9 13	10 14	11 15	12 16
13 17	14 18	15 19	16 20	17 21	18 22	19 23
20 24	21 25	22 26	23 27	24 28	25 29	26 30
27 1	28 2					

Март — *Джумада-ас-сани – Раджаб*

Пн	Вт	Ср	Чт	Пт	Сб	Вс
		1 3	2 4	3 5	4 6	5 7
6 8	7 9	8 10	9 11	10 12	11 13	12 14
13 15	14 16	15 17	16 18	17 19	18 20	19 21
20 22	21 23	22 24	23 25	24 26	25 27	26 28
27 29	28 1	29 2	30 3	31 4		

Апрель — *Раджаб – Шаабан*

Пн	Вт	Ср	Чт	Пт	Сб	Вс
					1 5	2 6
3 7	4 8	5 9	6 10	7 11	8 12	9 13
10 14	11 15	12 16	13 17	14 18	15 19	16 20
17 21	18 22	19 23	20 24	21 25	22 26	23 27
24 28	25 29	26 30	27 1	28 2	29 3	30 4

Май — *Шаабан – Рамадан*

Пн	Вт	Ср	Чт	Пт	Сб	Вс
1 5	2 6	3 7	4 8	5 9	6 10	7 11
8 12	9 13	10 14	11 15	12 16	13 17	14 18
15 19	16 20	17 21	18 22	19 23	20 24	21 25
22 26	23 27	24 28	25 29	26 1	27 2	28 3
29 4	30 5	31 6				

Июнь — *Рамадан – Шавваль*

Пн	Вт	Ср	Чт	Пт	Сб	Вс
			1 7	2 8	3 9	4 10
5 11	6 12	7 13	8 14	9 15	10 16	11 17
12 18	13 19	14 20	15 21	16 22	17 23	18 24
19 25	20 26	21 27	22 28	23 29	24 30	25 1
26 2	27 3	28 4	29 5	30 6		

Июль — *Шавваль – Зуль-каада*

Пн	Вт	Ср	Чт	Пт	Сб	Вс
					1 7	2 8
3 9	4 10	5 11	6 12	7 13	8 14	9 15
10 16	11 17	12 18	13 19	14 20	15 21	16 22
17 23	18 24	19 25	20 26	21 27	22 28	23 29
24 1	25 2	26 3	27 4	28 5	29 6	30 7
31 8						

Август — *Зуль-каада – Зуль-хиджа*

Пн	Вт	Ср	Чт	Пт	Сб	Вс
	1 9	2 10	3 11	4 12	5 13	6 14
7 15	8 16	9 17	10 18	11 19	12 20	13 21
14 22	15 23	16 24	17 25	18 26	19 27	20 28
21 29	22 30	23 1	24 2	25 3	26 4	27 5
28 6	29 7	30 8	31 9			

Сентябрь — *Зуль-хиджа – Мухаррам 1439*

Пн	Вт	Ср	Чт	Пт	Сб	Вс
				1 10	2 11	3 12
4 13	5 14	6 15	7 16	8 17	9 18	10 19
11 20	12 21	13 22	14 23	15 24	16 25	17 26
18 27	19 28	20 29	21 1	22 2	23 3	24 4
25 5	26 6	27 7	28 8	29 9	30 10	

Октябрь — *Мухаррам – Сафар*

Пн	Вт	Ср	Чт	Пт	Сб	Вс
						1 11
2 12	3 13	4 14	5 15	6 16	7 17	8 18
9 19	10 20	11 21	12 22	13 23	14 24	15 25
16 26	17 27	18 28	19 29	20 30	21 1	22 2
23 3	24 4	25 5	26 6	27 7	28 8	29 9
30 10	31 11					

Ноябрь — *Сафар – Раби-уль-авваль*

Пн	Вт	Ср	Чт	Пт	Сб	Вс
		1 12	2 13	3 14	4 15	5 16
6 17	7 18	8 19	9 20	10 21	11 22	12 23
13 24	14 25	15 26	16 27	17 28	18 29	19 1
20 2	21 3	22 4	23 5	24 6	25 7	26 8
27 9	28 10	29 11	30 12			

Декабрь — *Раби-уль-авваль –Раби-ус-сани*

Пн	Вт	Ср	Чт	Пт	Сб	Вс
				1 13	2 14	3 15
4 16	5 17	6 18	7 19	8 20	9 21	10 22
11 23	12 24	13 25	14 26	15 27	16 28	17 29
18 30	19 1	20 2	21 3	22 4	23 5	24 6
25 7	26 8	27 9	28 10	29 11	30 12	31 13

23 апреля (27раджаб) ночь Мираджа – вознесение Пророка Мухаммада (Мир Ему) на небеса.
11 мая (15 шаабана) Лейлат аль Бараа – ночь очищение от грехов.
26 мая (1 рамадан) начало поста.
21 июня (27 рамадан) лейлат аль-Кадр – ночь предопределения
25 июня (1 шавваль) праздник разговения.

31 августа (9 зу-ль-хиджа) день Арафата
1сентября (10 зу-ль-хиджа) праздник жертвоприношения
21 сентября (1 мухаррама) начало 1439 мусульманского года.
30 сентября (10 мухаррама) день ашура
30 ноября (12 раби-уль-аваль) день рождения Пророка Мухаммада (мир Ему)

Лараме газетдешархой, дIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете язвалар. Газетан индекс: 54 928

Исла́ман зIаьнарш
أشعّة الإسلام
Республиканская газета «Зори Ислама»

Газетан бух биллинарг
Заурбеков МасIуд

Коьрта редактор
Заурбеков М.М.

Газет диллинарг/арахоьцург:
НР-н къоман политикин,арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерство
Министерствон адрес: 3640I4, Соьлжа-ГIала, Маяковскийн урам, 92
Редакцин адрес: 3640I4, Соьлжа-ГIала, Маяковскийн урам, 92
Телефон: 8-87II-222-45-34
Тхан интернет-почта: zori_islama@mail.ru
Редакцин сайт: www. zori-islama.com
Газетан индекс: 54 928

Газетан верас
Кадыров Хож-Ахьмад-хьаьжа

Газетна регистраци йина зIенан, хаамийн технологийн, шуьйрачу коммуникацийн декъехь терго латторехула йолчу Россин Федерацин федеральни службехь 20I5-чу шеран I-чу декабрехь

Регистрацин хьокъехь долу тоьшалла
ПИ № ТУ 20-00II0

Редакцин кхеташо:
М. Заурбеков – коьрта редактор
С.Межиев – НР-н муфти,
Х-А. Кадыров – Къилбаседа Кавказан
Iелимнехан кхеташонан куьйгалхо,
М. Д. Заурбеков, С. Муртазаев,
П. Петирова, Л. Арсалиева

Ответственная за выпуск – П.Р.Петирова

Арадолу нохчийн, оьрсийн меттанашкахь баттахь шозза, еариденошкахь

Тираж - 3000. Зорбанна куьг яздан деза хан 7.12.2016 шо. 15:00.
Зорбанна куьг яздина хан 7.12.2016 шо. 16:00
Заказ №
Зорбатоьхна ГУП ИПК «Грозненский рабочий» типографехь. Типографин адрес: 364021, Соьлжа-ГIала, Интернациональни урам, 12/35
БИННА МАХ